**РЕЗЮМЕ.** Одним из важных инструментов воспитания молодого поколения в духе национальных нравственных ценностей является ознакомление его с национальным музыкальным наследием посредством музыкальных инструментов для развития всестороннего эстетического и художественного вкуса.

**SUMMARY.** One of the important tools for educating the younger generation in the spirit of national moral values is the introduction of national musical heritage through musical instruments to develop them into holders of aesthetic and artistic taste.

***KINO HÁM DRAMATURGIYA***

## JAŃA SPEKTAKLDE REJISSYORLÍQ TAPQÍRLÍQTÍŃ SÁWLELENIWI

**Darushova Darixa Kadirniyazovna** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, dramaturg, aktyor, rejissyor, spektakl, dóretiwshi, repertuar, dekoraciya.

**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертуар, декорация.

**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire, decoration.

Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrınıń sońģı waqıtlardaģı dóretiwshiligine názer taslasaq, ondaģı spektakllerdiń túrli janr hám jańa usıllarda sahnalastırılıp atırģanına gúwa bolamız. Bunnan teatrda dóretiwshilik etip atırģan jas rejissyorlardıń óz ústinde jumıs islep, kásibi boyınsha izleniwler alıp barıp atırģanlıģı seziledi. Teatrda jańa metoddaģı spektakllerdiń tuwılıwınıń ózine jarasa sebepleri bar. Tiykarģı sebeplerdiń biri, tamashagóyler bir qáliptegi spektakllerden sharshadı. Bul sebep tamashagóylerdi teatrdan uzaqlastırģan edi. Búgin jańalıqqa qumar tamashagóylerdi ápiwayı usılda sahnalastırılģan ol yaki bul spektakller menen qızıqtırıw, teatrģa shaqırıw qıyın is bolıp qaldı. Sonıń ushın da búgingi kúnde rejissyorlarımız tamashagóylerdi teatrģa májbúriy túrde shaqırıp emes, óz qálewleri menen kelip tamashalaytuģınday spektakllerdi jaratıwģa bar kúsh-jigeri menen háreket etip atır. [1.623.]

Usınday spektakllerdiń biri, yaģnıy sahnalastırılıw forması aldınģılarına uqsamaytuģın jáne bir dóretpe teatrda júzege keldi. Sońģı waqıtları xalqımızdıń hám teatr ıqlasbentleriniń sheksiz alģıslarina miyasar bolıp atırģan Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrı Qazaqstanlı jas dramaturg Alisher Raxat qálemine tiyisli «Tuwılģan kúniń menen, anajan!» dramasın xalqımızdıń názerine usındı. Spektakldi teatrdıń bas rejissyorı Ómirbek Bekturģanov jańa usılda sahnalastırdı.

Spektakl baslanıp, perde ashılģanda dıqqatımızdı birinshi tartqan nárse sahna bezekleri, yaģnıy dekoraciya boldı. Úy intererindegi tereze, esik, hátteki diywaldıń yarımı joq, pútin emes. Sahna dekoraciyasın jaratqan xudojniktiń ne ushın bunday sheshimge kelgenin waqıyalar barısında túsinip jettik.

Waqıya bir úydegi úsh tuwısqan aģa-iniler arasında bolıp ótedi. Yaģnıy, tuwısqanlar keshki waqıt jumıstan keletuģın anasınıń tuwılģan kúni ushın jasırın túrde sawģa tayarlaydı. Jigitlerdiń ıqlas penen anasınıń tuwılģan kúnine tayarlanıw jaģdayları tamashagóyde súysiniw sezimin oyatqan bolıwı sózsiz. Óytkeni, olardıń háreketinen óz anasın qattı jaqsı kóretuģını, qádirlep-qásterleytuģını ayqın sezilip turar edi. Ana ushın tayarlanģan «syurpriz» – bul kiyim shkafı bolıp, waqıyalardıń rawajlanıwına usı shkaf tiykar boladı, yaģnıy shkaftıń uyge keliwinen túyin baslanadı.

Ózleri qurģan hám derlik tayın bolģan shkaftıń tuyaqların qatırıw waqtı kelgende onıń bir tuyaģı hesh jerden tabılmaydı. Joytılģan tuyaqtı izlep jigitler shır-pır boladı. Tabılmaģan tuyaq sebepli ana ushın sawģaģa alınģan shkaftıń urlıq jerden arzanlaw satıp alınģanı málim boladı. Sol sebepli Erdawlet (Rasul Tlemisov) penen Baģdawlet (Najimatdin Nuratdinov) urısa ketedi. Ájaģasınıń urlıq nárseni úyine alıp kelgenin bilgen Baģdawlet ashıw atına minip, ájaģası Erdawletke awır sózlerdi aytıp, onıń menen qasarısadı. Inisiniń betinen alıp turģanın kótere almaģan úydiń úlkeni Erdawlet Baģdáwletke erksiz qol kótergenin sezbey qaladı. Aģalarınıń jaģalasıp atırģanın kórgen genje bala Sırım (Beglan Qaypnazarov) huwshınan ayırıladı. Sebebi ol balalıģınan nawqas bolıp, jánjelli jaģdaylardı kóriw oģan usınday tárizde tásirin tiygizer edi. Waqıyalar rawajlanıwında gá jarasıp, gá tartısıp

turǵan aǵa-inilerdiń sawǵası óz iyesine jetpey, kulminaciyada shkaf úydi tárk etedi. Sebebi, urlıqtan xabar tapqan miliciya úyge kelip, Erdawlettiń qarsılıǵına qaramastan, urlıq zattı alıp ketedi. Anasınıń quwanıshı ushın alınǵan sawǵa qoldan ketkennen soń, spektakl sheshiminde tuwısqanlar jumıstan qaytqan anasın tek kewilli qutlıqlawı menen kútip aladı.

Spektakldiń dawamlılıǵı bir saat bolatuǵın bolsa, personajlar spektakl baslanǵannan tamam bolaman degenshe sahnanı tárk etpeydi. Dekoraciyalar ózgermeydi, kórinisler arasında shıraqlar óship te janbaydı. Spektakldiń utımlı bolǵanınıń birinshi tárepi usı bolsa, ekinshisi, anasına sonıńday miyirman, ǵamxor balalardı tárbiyalaǵan ananıń kim ekenligine tamashagóy oǵada qızıqtı. Waqıyalar barısında hár esik qońırawı qaǵılǵanda, endi anası kirip keledi-aw dep kútkende, ol bolmay shıǵadı. Intıǵıp kútip otırǵan tamashagóydiń ábden dinkesi qurıydı, sebebi, hár esik qaǵılǵanda gá mashinada ketip qalǵan tuyaqtı alıp kelse, gá miliciya kirip keledi. Úmitlenip kútken tamashagóy ana kim ekenin spektakl sońında kóremiz, dep kútip edi, biraq rejissyor sońǵı sahnada da ananı kórsetpeydi. Aǵa-inilerdiń tek ǵana «Tuwılǵan kúniń menen, anajan!» dep qutlıqlawı menen perde jabıladı.

Spektakldegi rejissyorlıq tapqırlıq haqqında sóz eter ekenbiz onıń sahnalastırıwshı rejissyorı, búgingi kúnde teatrdıń bas rejissyorı bolıp islep atırǵan Ómirbek Bekturǵanovtıń bul spektaklde dóretiwshilik burılıs jasaǵanına gúwa boldıq. Kórinislerdiń úzliksiz dawam etiwi, arada shıraqtıń óship janbawı, dekoraciyalardıń almaspawı tamashagóy ushın jańalıq boldı. Bárinen “ana” obrazınıń jumbaq bolıwı, spektakldiń qunlı bolıwın támiyinledi. Bul rejissyordıń aldıńǵı spektaklleriniń biri “Ustaz táǵdiri”nde de jańasha usıldı, yaǵnıy rejissyorlıq tapqırlıqtı kóremiz. Onda spektakl sońında pandemiya sebepli dúnyadan ótken belgili insanlardıń portretleri sahnada payda boladı. [2.165.] Spektakldegi waqıyalar aǵımı sebepli katarsiske ushıraǵan tamashagóyge bul portretlerdiń kórsetiliwi ózgeshe tásir etedi.

Spektakldi bir kóriwden turmıslıq tema ekenligin bilemiz. Biraq, personajlardıń arasındaǵı kelip shıqqan konfliktler hám olardıń sheshimi insanǵa kerekli eń aǵla pazıyletlerdi, aǵa-ini, tuwısqanlıq qarım-qatnas barlıq nárseden ústem ekenligin kórsetip beredi. Turmıs mashqalalarınıń ótkinshi ekenin ańlap jetiw, qanday jaǵday bolsa da ata-ananı qádirlew, tuwısqanǵa miyirman bolıwǵa shaqırıw – spektakldiń baslı ideyası boldı.

Maqalanıń basında dekoraciyanıń qanday ekenligin aytıp ótken edik. Teatrdıń bas xudojnigi Tolıbay Shardemetov tárepinen islengen dekoraciya waqıya hám personajlar xarakterine say. Úydiń esigi, terezesi, diywalı yarım, tolıq emes. Yaǵnıy bul úyde bir aadamnıń kemis ekenligin bildiredi. Jáne bul kewli yarım aǵa-inilerdiń ishki dúnyasınıń sáwleleniwi bolıwı mumkin. Sebebi úyde áke joq, ol biymezgil dúnyadan ótken. Tamashagóyler bunnan waqıyalar barısında xabardar boladı. Ákesiniń ornına áke bolıp juwırǵan ananı balalar qattı qádirleydi. Biraq báribir olar ish-ishinen ákesiniń bar bolıwın qáleydi, onı saǵınadı.

Spektakldiń tásir dárejesin arttıratuǵın jáne bir óner – bul muzıka óneri. Spektaklde biz esitip júrgen eski qosıqlardan paydalansa da, olardıń bas qaharmanlar tárepinen janlı atqarılıwı, ásirese gitaranıń janlı shertiliwi (Sharapat Dawletmuratov tárepinen) tamashagóydi waqıyalar ishine tereńirek alıp kirdi.

Teatrda xarakter jaratıw máselesi eń aktual máselelerdiń biri bolıp qalmaqta. Aristotel óziniń “Poetika” shıǵarmasında “xarakter izshil hám dawamlı, ol ómirden alınǵan bolıwı kerek” [3.40.] dep aytadı. Teatr aktyorları Rasul Tlemisov, Najimaddin Nuraddinov hám Beglan Qayıpnazarovlar úsh túrli xarakterdegi aǵa-inilerdiń xarakterin sáwlelendirip bere aldı.

Pikirimizshe, hár bir sahnalıq shıǵarma tamashagóylerge avtordıń baslı ideyasın jetkeriwi tiyis. Shıǵarmanıń mazmunlı hám belgili bir ideyaǵa iye bolıwı baslı másele. Bul boyınsha belgili teatr reformatorı K.S.Stanislavskiy bılay deydi: “Teatr sahnadaǵı jarıqlıq nurları menen, dekoraciya hám kostyumlardıń sawlatı menen, utımlı mizanscena menen jasay almaydı, al dramaturgtiń ideyaları menen jasaydı. Pesanıń ideyasındaǵı kemshilikti hesh nárse menen jasıra almaysań. Hesh qanday teatr bezewleri járdem etpeydi”. [4.207.]

Jańa formattaǵı spektakl premerası tamashagóyler tárepinen kóterińki ruwhta qabıllandı. Jańalıqqa qumar tamashagóylerge bir-birinen ájayıp spektakllerdi usınıwda tınım tappaytuǵın jas tamashagóyler teatrı jámáátine dóretiwshilik tabıslar tiley otırıp, olardan teatr repertuarında uzaq jasaytuǵın spektakllerdi kútip qalamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Ismailov A. «Qorakoz-qozoq Julettasi». Oriental Art and Culture 5.3 (2024): 617-623.
2. Ismailov A. «Ustoz taqdiri» spektaklida zamondosh obrazlar talqini" Golden brain 1.13 (2023): 165-b.
3. Arastu. Poetika. – T: Yangi asr avlodi, 2012. 40-b.
4. Ansatbaev N. Teatr hám aktyor, sabaqlıq. 2020. 207-b.
5. Dramanıń túp nusxası.



**REZYUME.** Bul maqalada Qaraqalpaq mámleketlik jas tamashagóyler teatrında sahnalastırılǵan A.Raxat qálemine tiyisli "Tuwıǵan kúniń menen, Anajan!" spektakli hám ondaǵı rejissyorlıq sheshimniń nátiyjesi haqqında pikir bildirildi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье высказано мнение о спектакле «С днем рождения, Мамочка!» и результатах его режиссерского решения, поставленного в Каракалпакском государственном театре юного зрителя.

**SUMMARY.** This article discusses on the play "Happy Birthday, Mama!" and the results of its director's decision, which was staged at the Karakalpak State Theater of Young Viewers.


## ДОЛЗАРБЛИГИНИ ЙЎҚОТМАГАН САҲНА АСАРИ


**Исмайлов Ажинияз Есбергенович** – *ўқитувчи*

*Ўзбекистон давлат санъат ва маданият институти Нукус филиали*



**Таянч сўзлар:** театр, драматург, актёр, режиссёр, спектакль, ижодкор, репертуар, декорация.

**Ключевые слова:** драматург, театр, актёр, режиссёр, спектакль, создатель, репертуар, декорация.

**Key words:** theater, playwright, actor, director, play, creator, repertoire, decoration.


Ўтган асрнинг сўнгги чораклигида ўзининг қайноқ ижоди билан қорақалпоқ драматургиясининг гуллаб–яшнашига салмоқли ҳисса қўшган драматург, Қорақалпоғистон халқ шоири, Бердақ номидаги давлат мукофотининг лауреати Кенесбай Рахмановнинг ижодини кўздан кечирсак, унинг саҳна асарларининг турли жанрларда ёзилганлигининг гувоҳи бўламиз. Бир-бирини такрорламайдиган «Ярадор юраклар», «Кечиккан баҳор», комедия жанридаги «Келин», «Тўққиз тўнқилдоқ, бир чанғилдоқ», «Инжиқнинг муҳаббати», «Лаққилар шифохонада» ва бошқа саҳна асарлари театр саҳналарида муваффақияти саҳналаштирилди.

Драматург К.Рахмановнинг замон танламайдиган саҳна асарларидан бири «Нариги дунёга таклиф» («О дүньяға мирәт») спектакли дастлаб 1976 йили режиссёр Н.Ансатбаев томонидан саҳналаштирилиб саҳна юзини кўрди. Асар 2010 йили қайта қўлга олиниб, «Ўғрини қароқчи босди» номи билан томошабинларга тақдим этилди. [1.141,154.]

Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат академик мусиқали театри трагик-комедия жанрида ёзилган мазкур асарни 2024 йили қайта қўлга олиб, уни саҳналаштиришдаги асосий сабабларининг бири саҳна асарининг мавзуси ва ғоясида. Драма жанрига айлантирилган ва «Жар» номи билан оммага тақдим этилган спектаклни режиссёр Марқабай Усенов саҳналаштирди. Спектаклда бугунги кундаги долзарб бўлган фарзанд тарбиясига бефарқлик, молу-давлатга ружу қўйиш, давлат хизматчиларининг коррупцияга қарши кураши мавзулари кўтарилган. Деярли эллик йил аввал ёзилган асардаги воқеаларни бугунги кун билан боғлаш ва аҳамиятини оширишдек маъсулиятни муаллифнинг қизи Гавҳар Раҳмонова ўз зиммасига олди. Орадан анча йиллар ўтиб кетганлиги сабабли асарга баъзи воқеаларни қўшишга тўғри келган ва ушбу драмадаги воқеалар шу кунларда бўлиб ўтади.

Бойликнинг ортидан қувган ота, Дубайга дам олиш учун кетган, уйда қолган она эса пул учун эрига зўрға чидаб юрган жабирдийда кўринишда гавдаланади. Ёлғиз ўғил Норпўлат (Муҳаммедали Кенжеев) ота-онасининг соясида кайфу-сафо қилиб юрган меросхўр, тантиқ ўсмир. Уларнинг оиласида меҳр-оқибат туйғулари, инсонийлик сифатлари кўтарилгани яққол намоён бўлиб туради.

Онасининг машинасини ҳайдаб чиқиб кетган Норпўлат билан бахтсиз ҳодиса юз беради. Асарнинг тугуни мана шу ердан